

Kote ekspè nou yo nan domèn transpòtasyon ?

Samuel Pierre

Premye sa yon moun ki ap vizite Pòtoprens wè – kit li soti nan nenpòt lòt kwen nan peyi a oubyen nan peyi etranje – se fason wout nou yo bloke nan gwo ri ki nan kapital la. Pou gwo vil nan pwovens yo se menm bagay la, men, sa rive nan yon nivo ki pi fèb. Nan ka sa a, kesyon yon moun ka poze tèt li se: kote ekspè nou yo nan domèn transpò? Genyen kèk grenn pasi pala ki ap viv nan peyi a, men, èske yo rele yo pou yo ede nan planifikasyon sistèm transpò a ak nan sikilasyon machin nan vil yo?

Nan peyi a an jeneral, se ministè Travo piblik, Transpò ak Kominikasyon (MTPTC an franse) ki montre, sou sit entènèt li, yon estrateji pou sektè transpò yo. An jeneral, MTPTC responsab planifikasyon, konsepsyon, reyalizasyon ak swen wout yo nan peyi a. Wout yo pou kont pa yo, se yon aspè nan jeni transpòtasyon. Lòt eleman ki genyen nan transpòtasyon se: sikilasyon nan vil yo, deplasman nan lèzè ak sou dlo, ak deplasman sou wout ray, ki se yon lòt mwayen transpò. Li rete klè pou tout moun, pi fò nan mwayen transpò sa yo pa vrèman byen fonksyone nan peyi a, espesyalman transpò sou wout ray ki prèske disparèt sou tè Ayiti.

Yon koudèy rapid, sou pwogram inivèsite yo nan peyi a, demontre pa vrèman genyen kou nan domèn transpò yo, ki se yon branch nan jeni. Lè nou jwenn kèk kou, ki abòde kèk aspè nan domèn lan, ki poutan vas anpil, nou di mèsè. Sa lakòz, peyi a pa vrèman geyen pwofesyonèl ki genyen fòmasyon pou yo panse, reflechi epi jwenn solisyon pou pwoblèm grav wout yo, sikilasyon an epi transpòtasyon an jeneral nan peyi a. Konsa, sitiasyon sa a vin genyen yon konsekans sou kalite wout nou yo, blokis ki genyen nan kapital la epi – nan yon nivo ki pa twò

grav –nan kèk pami vil pwovens nou yo. Sa lakòz an menm tan divès aksidan, kote souvan gen lanmò, ki rive sou wout nou yo. Aksidan sa yo konn rive tou, paske genyen nan chofè yo ki konn fè enpridans sou wout yo.

Lè nou wè fason popilasyon an ap grandi nan vil Pòtoprens, se pa pe yon erè, si nou panse ozanviwon 2030, popilasyon nan vil sa a ap rive nan sis milyon moun. Lé nou sonje vil sa a te bati pou 500 000 moun, yon ogmantasyon popilasyon nan nivo sa a ap tankou nou rive nan lafendimonn, moun pa pe kab viv nan vil sa a. Pa genyen yonn nan enfrastrikti ki la yo ki ap kab fonksyone pou moun yo, nou vle di: sistèm tourego, sistèm kanalizasyon dlo, sistèm distribisyon enèji, sistèm sekirite piblik, sistèm transpòtasyon, eksetera. Lavi nan vil Pòtoprens lan ak anvivon li yo ap vin senpman enposib.

Editorayal sa a ap sonnen lalam pou avèti dirijan peyi a, jounen jodi a tankou sila yo ki nan wout ap vini, ki kalite katastwòf ki pandye sou tèt kapital la ak kèk lòt vil ki genyen twòp moun ladan yo an Ayiti. Men sa nou kab fè: òganize sistèm transpòtasyon nan vil yo, òganize teritwa peyi a yon lòt fason, sa vledi bati lòt vil pou debloke vil ki gen twòp moun yo, sèvi ak transpòtasyon sou wout ray kòm mwayen transpòtasyon piblik, kote sa posib sou teritwa a, sèvi ak transpòtasyon sou dlo, nan bon kondisyon epi ki divèsifye, pou konekte vil ki sou lakòt yo, fè desantralizasyon peyi a sou plan administratif ak ekonomik, fòme espesyalis nan divès kalite transpòtasyon, eksetera. Tout sa, se yon seri mwayen, pou rezoud pwoblèm lan, Leta kab konsidere pou li aplike rapidman, yon fason pou li prevni katastwòf sa a ki deja sou wout! Li lè, li tan ... ■